

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa pakakas anu dipaké ku manusa pikeun komunikasi. Di Indonesia aya mangratus-ratus basa daérah ti Sabang nepi ka Merauke, salasahiji nyaéta basa Sunda. Ieu basa téh mangrupa basa kahiji atawa basa indung pikeun sabagian gedé étnik Sunda. Anu sumebarna henteu di Jawa Barat wungkul, tapi ogé di luar Jawa Barat, misalna dipaké di daérah transmigrasi (Heryadi, 2014).

Basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa Sunda mibanda anéka ragam basa. Ragam basa anu dipaké di daérah atawa wewengkon disebutna basa Sunda wewengkon. Ieu basa téh katangen tina lentong jeung kecap-kecapna (Sudaryat, spk., 2013, kc.1-3). Luyu jeung pamadegan Alwasilah dina Effendy (2011) yén dina hiji masarakat basa, aya sakelompok jalma nu ngagunakeun basa anu béda jeung kelompok lianna. Éta basa anu digunakeun ku hiji kelompok téh némbongkeun kaayaan anu sistimatis jeung ngawangun hiji dialék.

Jaba ti éta, unggal panyatur ogé boga ragam basa has séwang-séwangan anu disebut idiolék. Tapi sanajan kitu, angger boga sasaruuan antara ragam basa anu dipaké ku hiji panyatur jeung panyatur lianna. Ieu hal luyu jeung pamadegan Chaer & Agustina (2014, kc.63) anu nétélakeun yén sanajan hiji dialék boga idiolékna séwang-séwangan, tapi boga sasaruuan anu nuduhkeun yén manéhna sadialék. Upamana, masarakat Majalengka di Kacamatan Rajagaluh boga kecap “rubiah” anu hartina sarua jeung kecap “pamajikan” dina basa lulugu. Éta basa dianggap lumrah jeung dipikaharti ku masarakat di Kacamatan Rajagaluh. Tapi béda deui upamana éta kecap dipaké di wewengkon séjén. Bisa waé béda harti atawa teu kapaluruh kecapna. Éta hal nuduhkeun yén basa Sunda di Kacamatan Rajagaluh boga ciri has anu béda jeung basa Sunda di daérah séjénna. Ku kituna, basa Sunda daérah Majalengka di Kacamatan Rajagaluh bisa dianggap salaku hiji dialék. Éta dialék téh mangrupa kandaga kecap anu aya dina hiji basa, kecap-kecap nu dikawasa ku hiji jalma atawa kekecapan anu dipaké ku sakelompok

jalma dina lingkungan anu sarua (Adiwimarta dina Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, 1984, kc.9).

Kecap-kecap dina basa Sunda wewengkon téh tangtu jumlahna réa. Tapi beuki dieu, éta kekecapan téh lain mingkin nambahan, malah ngurangan pangpangna di kalangan panyatur rumaja. Ari sababna, lantaran réa kecap-kecap tina basa Indonesia atawa basa asing anu asup tur dipaké ku kaum rumaja, alatan ayana globalisasi. Dampak globalisasi kudu disingkahan lantaran bisa ngabalukarkeun gésér jeung robahna basa. Ieu hal anu dipikahariwang ku Comrie dina (Sobarna, 2007) yén sakitar 90% basa-basa di dunya geus sakarat atawa punah dina kurun waktu saratus taun. Gejala punahna dicirian ku mingkin nguranganana panyatur lantaran aya basa Indonesia jeung basa asing sarta mingkin kurangna *loyalitas* panyatur kana makéna basa daérah salaku basa indung (Yadnya dina Sobarna, 2007).

Lian ti éta, kamajuan téhnologi ogé geus ngabalukarkeun asupna basa-basa deungeun ngaliwatan hapé (*handphone*), tipi (televisi), jeung anu lianna. Éta basa-basa deungeun anu asup téh réréana mah teu bisa dibasa-Sundakeun, antukna kapaksa dipaké. Ieu kajadian téh karandapan ku panyatur basa Sunda di Kacamatan Rajagaluh. Masyarakat pangpangna kalangan panyatur rumaja réa anu teu apal kana basa Sunda dialékna sorangan. Ieu hal bisa katangen tina kurang wanohna kana kecap-kecap basa Sunda dialék di Kacamatan Rajagaluh anu geus aya ti baheula. Tapi malah leuwih wanoh kana basa Indonesia jeung basa séjén anu dibeunangkeun boh nalika campur gaul atawa balukar tina ayana globalisasi jeung kamajuan téhnologi.

Nilik kana éta kaayaan, sangkan basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh henteu kasilih ku mekarna jaman, perlu ayana panalungtikan jeung inventarisasi basa. Tujuanna sangkan basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh bisa dipikawanoh tur dilarapkeun deui ku masarakat, ulah nepi ka alatan ayana basa serepan jadi ngaleungitkeun basa anu geus aya ti saméméhna. Ngaliwatan ieu cara, dipiharep kareueus kana makéna basa Sunda salaku basa indung leuwih ngaronjat deui.

Susi Suhartinah, 2020

BASA SUNDA DIALÉK MAJALENGKA DI KACAMATAN RAJAGALUH

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tulisan anu patali jeung dialék kapanggih dina tulisan “Bahasa Sunda Dialek Pangandangan di Kecamatan Sidamulih (Kajian Fonologis)” (Widyastuti, 2017) jeung “Bahasa Sunda Dialek Tasikmalaya di Kecamatan Karangnunggal” (Mulyani, 2018). Jaba ti éta, aya panalungtikan séjén anu patali jeung dialék dina wangun skripsi, di antarana “Basa Sunda Dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMA” (Fauziah, 2012), “Basa Sunda Dialék Bekasi di Kacamatan Setu pikeun Bahan Pangajaran di SMA” (Murdiani, 2013), “Basa Sunda Dialék Brebes di Kacamatan Langensari Kota Banjar” (Apriany, 2014), jeung “Basa Sunda Dialék Parung Panjang nu dipaké ku Siswa SMP/SMA di Kacamatan Parung Panjang Kabupaten Bogor” (Marantika, 2016).

Tulisan jeung panalungtikan ngeunaan dialék anu kapaluruh di antarana medar kandaga kecap basa Sunda dialék, wangun kecap basa Sunda dialék, ciri pangbéda antara basa Sunda dialék jeung basa Sunda lulugu, peta sebaran dialék, basa Sunda anu dipaké ku siswa SMP jeung SMA, sarta makéna basa Sunda dialék pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA. Tina sababaraha tulisan jeung panalungtikan anu geus dilakukeun, henteu sakabéhna medar dialék sacara gembheng lantaran aya anu ngan ukur medar hiji ulikan wungkul, misalna ulikan fonologis. Sasaruana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarua medar basa Sunda dialék anu aya di hiji wewengkon. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta objékna. Dina ieu panalungtikan ogé baris dipedar sacara gembheng ngeunaan kandaga kecap basa Sunda dialék, ciri pangbéda dialék sarta dialéktométri jeung pemetaan dialék.

Sanajan geus loba panalungtikan dialék anu dilakukeun di sabudeureun Jawa Barat, tapi can kungsi aya anu nalungtik basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh. Padahal nilik kana kaayaan basa Sunda di Kacamatan Rajagaluh nuduhkeun yén perlu ayana panalungtikan pikeun inventarisasi basa. Ku kituna, dilakukeun panalungtikan kalawan judul “*Basa Sunda Dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh*”.

1.2 Rumusan Masalah

Sawatara masalah anu bisa diidentifikasi patali jeung ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) wanda dialék anu nyoko kana istilah-istilah dina kahirupan sapopoé, nyaéta istilah pancakaki, istilah gaganti ngaran, istilah kahirupan désa jeung masarakat, istilah imah jeung babagianna, istilah pakakas, istilah kadaharan jeung inuman, istilah panyakit, istilah pakéan, istilah kaulinan barudak, istilah sasatoan, istilah usum jeung kaayaan alam, istilah budi parangi, kaayaan barang, jeung pakasaban;
- 2) ciri pangbéda basa Sunda dialék anu ngawengku pangbéda fonologis, pangbéda semantik, pangbéda onomasiologis, pangbéda semasiologis, jeung pangbéda morfologis;
- 3) dialéktométri jeung pemetaan dialék kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan bisa ditegeskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- 1) Naon waé kandaga kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh?
- 2) Kumaha ciri pangbéda antara basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh jeung basa Sunda lulugu?
- 3) Kumaha dialéktométri jeung pemetaan dialék kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngainvéntarisasi kandaga kecap basa Sunda dialék anu aya di hiji wewengkon, nyaéta di Kacamatan Rajagaluh Kabupaten Majalengka.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta

- 1) kandaga kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh;
- 2) ciri pangbéda antara basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh jeung basa Sunda lulugu; jeung
- 3) dialéktométri jeung pemetaan dialék kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Aya dua aspék mangpaat tina ieu panalungtikan, nyaéta 1) mangpaat tina segi téoritis jeung 2) mangpaat tina segi praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan bisa ngawewegan pangaweruh dialéktologi jeung léksikologi basa Sunda sarta nambahan kabeungharan kandaga kecap basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan boga sababaraha mangpaat, di antarana.

- 1) Pikeun panalungtik, nambahan kaweruh ngeunaan dialék jeung mikawanoh sajumlah kandaga kecap basa Sunda anu aya di Kacamatan Rajagaluh sarta bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.
- 2) Pikeun guru, jadi panganteur dina kagiatan pangajaran basa Sunda di sakola.
- 3) Pikeun siswa, jadi bahan babandingan antara basa Sunda dialék jeung basa Sunda wewengkon.
- 4) Pikeun nu maca, nambahan pangaweruh ngeunaan basa Sunda dialék.

1.5 Sistimatika Tulisan

Ieu tulisan mangrupa laporan panalungtikan dina wangun skripsi anu disusun jadi lima bab. Anapon sistimatikana saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta sistematika tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngawengku tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan sarta kalungguhan masalah anu ditalungtik dina widang paélmaun. Tiori-tiori anu aya dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah anu ditalungtik. Lian ti éta, dipedar ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngadéskripsikeun data jeung pedaran tina hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Analisis datana diluyukeun dumasar kana péso analisis anu digunakeun.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina medar kumaha panalungtik ngadadarkeun hasil analisis data tina panalungtikan. Kacindekan mangrupa rangkuman tina sakabéh hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Implikasi jeung rékoméndasi ditujukeun ka nu ngagunakeun hasil panalungtikan jeung panalungtik lian anu baris ngalakukeun panalungtikan dina pasualan nu sarua minangka tindak lanjut tina hasil panalungtikan.